# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–08 जुलाई 2024 भोजपुरी समाचार

उच्चतम न्यायालय में आजु नीट–यूजी परीक्षा से जुड़ल कई याचिका पर सुनवाई भइल। मुख्य न्यायाधीश डी वाई चंद्रचूड़, न्यायमूर्ति जे बी पारदीवाला अउर न्यायमूर्ति मनोज मिश्रा क पीठि येह याचिका पर सुनवाई करत याचिका करता के सज्जो ओकीलन से ई दलील पेस करे के कहलस कि ऊ बतावें कि नीट–यूजी परीक्षा दुबारा काहें होखे के चाही। एकरे सथहीं न्यायालय राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी से कहलस कि जो त परीक्षा क पवित्रता परभावित भइल हौ त दुबारा से परीक्षा जरूरी हौ। कोर्ट, केन्द्र सरकार अउर राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी के जबाब दाखिल करे बदे दुइ दिन क समय दिहले हौ। अब येह याचिका पर उच्चतम न्यायालय इग्यारह जुलाई के सुनवाई करी।

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी, एनटीए संयुक्त विश्वविद्यालय प्रवेस परीक्षा–दुइ हजार चउबीस क उत्तर कुंजी जारी कइ दिहले हवे। विद्यार्थी उत्तर कुंजी पर बिहने ले आपत्ति दरज करा सके लें। एक हप्ता के भित्तर नतीजा घोसित भइले क सम्भावना हौ।

**********

प्रदेस के जियादेतर जिलन में रूकि–रूकि के मद्धिम से तेज बरखा भइले अउर अलगि–अलगि बैराज से नदियन में पानी छोड़इले के नाते कई जिलन में नदी उफान पर हइनि। उत्तराखण्ड के बनबसा बैराज से रहि–रहि के पानी छोड़ल गइले से शारदा नदी क जलस्तर ढेरे बढ़ि गइल हौ। ट्रांस शारदा इलाका क कई गो निचला बस्ती बाढ़ि के पानी से घिरि गइल हौ। भारी बरखा के नाते बीतल राति पुल बहि गइले से पीलीभीत से टनकपुर अउर मैलानी राहि पर ट्रेनन क आवाजाही रोकि दीहल गइल हौ। लखीमपुर खीरी जिला के पलिया इलाको में शारदा नदी क जलस्तर बढ़ि गइले से कई गांव पानी से घिरि गइल हौ। ओहर अजोध्या में सरजुओ नदी उफान पर हवे। नदी क जलस्तर हर घंटा एक सेंटीमीटर के रफ्तार से बढ़ि रहल हौ। बस्ती जिला में घाघरा नदी क जलस्तर बढ़ले से कई गांव परभावित भइल हौ। जिला में सिंचाई विभाग क अभियंता बन्हन पर कैंम कइ रहल हवें। कुशीनगर के खड्डा तहसीलि इलाका में गंडक नदी क जलस्तर बढ़ले से कई गांव में बाढ़ि क खतरा बढ़ि गइल हौ। ओहर बलरामपुर में राप्ती नदी खतरा के चिन्हा से उप्पर बहि रहलि हौ। येह बिच्चे मौसम विभाग बिहने पच्छिमी अउर पूरबी उत्तर प्रदेस के कई हिस्सन में गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क अनुमान जतवले हौ। प्रदेस के कुछु जिलन में बाढ़ि के अनेसा के देखत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सम्बन्धित जिलन के अधिकारियन के पुरहर तत्परता से राहति कार चलवले क निरदेस दिहले हवें।

**********

मेघालय क राज्यपाल फागू चौहान आजु भिन्नहीं लखनऊ में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ से उनके सरकारी आवास पर सिस्टाचार भेंटि कइलें। आजमगढ़ अउर मिर्जापुर मण्डल के सांसद अउर विधायको मुख्यमंत्री से मुलाकाति कइलें। येह दौरान मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह दुन्नो मण्डल के सांसदन अउर विधायकन से उनके क्षेत्र में हो रहल विकास कार्य क जनकारी लिहलें। उहां के कहलीं कि सज्जो जनप्रतिनिधि विकास कार क निगरानी कइले के सथहीं जन कल्याणकारी योजनन क लाभ हर पात्र मनई ले पहुंचावें। ओहर सेना के मध्य कमान क प्रमुख अनिन्ध सेन गुप्तो मुख्यमंत्री से उनके आवास पर सिस्टाचार भेंट कइलें अउर उहां के सेना के ओरि से कइल जा रहल नया कार पर बिचार–बिमर्स कइलीं।

**********

भारतीय प्रसासनिक सेवा क अधिकारी अनुराग जैन के महराजगंज जिला क नया मुख्य विकास अधिकारी बनावल गइल हौ। एहसे पहिले ऊ अम्बेडकरनगर जिला क मुख्य विकास अधिकारी रहलें। प्रार्थना ऐश्वर्या के अम्बेडकरनगर जिला क मुख्य विकास अधिकारी बनावल गइल हौ।

**********

राज्य सरकार पौधरोपण जन अभियान दुइ हजार चउबीस के अन्तर्गत पड़ोसिहा देस नेपाल अउर सीमा से लागल राज्यन से प्रदेस के जिलन में मित्र वन बसाई। एकरे बदे पैंतीस वन प्रभाग क चयन कइल गइल हौ। सीमा से सटल जिलन में पौधरोपण कार्यक्रम बदे वन विभाग की ओरि से तइयारी सुरू कइ दिहल गइल हौ। पौधरोपण जन अभियाने में प्रदेस सरकार नौ सौ अड़तालीस विरासति वृक्ष के संरक्षित करी। सौ बरिस से बेसी उमिरि क अट्ठाइस प्रजाति क पेड़न के बिरासति वृक्ष घोसित कइल गइल हौ। सबसे बेसी निन्यानबे बिरासति वृक्ष बनारस में हवें जबकि प्रयागराज में एकर संख्या तिरपन हौ। गोरखपुर जिला में ओन्तीस पेड़न के बिरासति वृक्ष घोसित कइल गइल हौ।

**********

इस्लामिक सालि क पहिला महिन्ना मोहर्रम क आजु से सुरूआति हो गइल हौ। येह महिन्ना के गम क महिन्नो कहल जाला। हजरत मोहम्मद साहब क नवासा हजरत इमाम हुसैन अउर उनके एकहत्तर साथियन क सहादति येही महिन्ना में भइल रहे। येह महिन्ना के गम के तौर पर मानल जाला। ओहर, गोरखपुर में मोहर्रम महिन्ना क पहिला तारीख के इमामबाड़ा स्टेट क चारो फाटक खोलि दीहल गइल। इमामबाड़ा स्टेट क गस्ती जलूस मोहर्रम के तिसरी तारीख से सुरू होई जबकि पचवां, नउवां अउर दसवा मोहर्रम के मियां साबह क शाही जलूस निकारल जाई।

**********